

24 septanm

Pa genyen moun k ap chèche Bondye. Yo tout pèdi chemen an, yo vin pèvèti ansanm. Pa genyen moun k ap fè byen, pa genyen menm yon sèl.

Women 3. 11, 12

Mwen pa t chèche Bondye (1)

“Mwen pa t chèche Bondye. Li pa t sou mwen. Epoutan paran m yo te kite lavi alèz e konfòtab yo a an Swis pou yo devni misyonè. Yo t ap viv yon lafwa djanm ak lajwa, ki te chita sou Bib la, ke yo te li e medite an fanmi, men sitou yo te obeyi li. Mwen te admire, respekte e renmen paran m yo. Men relijyon yo an pa t enterese m...”

Nan lane 1960, mwen te kite Afrik disid kote mwen te fèt la pou m al kontinye etid Istwa mwen lavil Sòbòn...

M te dekouvri yon sèl kalite afwontman, nan vye Ewòp nou an, ant de sivilizasyon, sa ou ye ak sa ou sanble ye, aparans yo (lide k ap sikile nan tout epòk – e ki jounen jodi ap antre nan nanm moun ak cham ti ekran televizyon) ak reyalyite k ap pase yo, moral e espi- rityèl.

Yon dimanch swa, nan mitan ane swasant yo, sou yon pon nan estasyon Nechatèl, tout bagay te chavire... Yon sèl kou, m menm pèdi santiman ke m egziste. M pa t santi kòm la ankò...

Nan mizerikòd li, Bondye, nan yon bat je, te wete vante lavi mwen, ògèy san limit mwen, pandan ke li te montre m ke fwi, sèl salè peche se lanmò; ke san li mwen te mouri espi- rityèlman toutbon. Li montre m kòman mwen pa t bon menm, kòman lavi m pa t gen sans, bagay ki jis lè sa, m pa t tolere lakay lòt yo.”

24

septembre

Il n'y a personne qui recherche Dieu ; ils se sont tous détournés, ils se sont tous ensemble rendus inutiles ; il n'y en a aucun qui pratique la bonté, il n'y en a pas même un seul. Romains 3. 11, 12

Je ne cherchais pas Dieu (1)

“Je ne cherchais pas Dieu. Il m'était indifférent. Pour tant mes parents avaient quitté les aises d'une vie confortable en Suisse pour être missionnaires. Ils vivaient une foi vigoureuse et joyeuse, fondée sur la Bible, lue et méditée en famille, et surtout obéie. J'admirais, je respectais, j'aimais mes parents. Mais leur religion ne m'intéressait pas...

En 1960, je quittais mon Afrique du Sud natale pour poursuivre des études d'histoire à la Sorbonne...

Je découvris l'affrontement sans merci, dans notre vieille Europe, de deux civilisations, celle de l'être et celle du paraître, celle des apparences (l'esprit de cour de toutes les époques – qui conquiert aujourd'hui les âmes par les charmes du petit écran) et celle des réalités temporelles, morales et spirituelles.

Un dimanche soir au milieu des années soixante, sur un quai de la gare de Neuchâtel, tout bascula... Je perdais d'un coup le sentiment même d'exister. La sensation de la présence de mon corps m'avait quitté...

Dans sa miséricorde, Dieu, en un clin d'œil, avait tiré le voile sur la vanité de ma vie, sur mon orgueil sans borne, en me montrant que le fruit, l'unique salaire du péché est la mort ; que sans lui j'étais effectivement spirituellement mort. Il révélait en moi-même cette dépravation, cette privation de sens et de vie qui, jusqu'alors, m'avait fait horreur chez les autres.”